### Хьехархо хила лаий хьуна?

Берах лаьцна:

Фамили: ______________________

ЦIе: ______________________

Вина/йина

терахь: ______________________

Школа: ______________________

Мотт:

- ☐ Нохчийн
- ☐ Кхин мотт

Муьлха мотт бу язде:

______________________

Деца, ненаца я Iедало тIехIоттийнчу верасца зIенаш:

Адрес: ______________________

______________________

______________________

Тел.: ______________________

Е-Мейл: ______________________

Ненан меттан курсашна тIе хьожуш йолчу организацин бен яц хIара информаци лелаян бакъо.

**Кхин дIа хаттарш дуй шу ненан мотт Iаморах лаьцна?**

**ХIара пайденна хетар долуш нах буй шуна гуонахьа?**

**Хьехархо хила дIавазвала лаьий хьуна?**

Проектах лаьцна кхин дIа информаци а, тхо долу меттигаш а кхузахь карор ю:

*www.raa-brandenburg.de*

→ Projekte/Programme

**Contact:**

RAA Brandenburg
in Trägerschaft des Demokratie und Integration Brandenburg e. V.
Projekt Muttersprachlicher Unterricht
Zum Jagenstein 1, 14478 Potsdam
Тел.: +49 331 747 80 26
Факс: +49 331 747 80 20

**Lena Fleck**
Карахь лело тел.: +49 151 206 86 299
Е-Мейл: l.fleck@raa-brandenburg.de

**Dr. Anna Fabian**
Карахь лело тел.: +49 176 456 648 72
Е-Мейл: a.fabian@raa-brandenburg.de

Demokratie und Integration Brandenburg e.V.

Qualitätstestiert bis 02.05.2027

(Stand: Dezember 2023)

RAA Brandenburg
Regionale Arbeitsstellen für Bildung, Integration und Demokratie

# Ненан меттан курс

Шайн мехкашкара бохийна схьакхелхинчу дешархошна

УКРАЇНСЬКА POLSKI ZIMANÊ KURDÎ НОХЧИЙН ESPAÑOL ROMÂNĂ TIẾNG VIỆT FRANÇAIS РУССКИЙ MAGYAR فارسی/دری BOSANSKI/HRVATSKI/SRPSKI TÜRKÇE ENGLISH اللغة العربية



**Informationen auf Tschetschenisch**




Brandenburg штатан дешаран а, кегийрхойн а, спортан а Министерствон цIарах, RAA Brandenburg ерриг федерацин штатехь жоьпаллехь хир ю ненан мотт Iамош хир йолчу курсашан уьйрийн.

Къастош аьлча, шайн лааме хьаьжжина, ненан меттан курсашкахь дешийтар, Iедалан тIегIанехь тергам бар ду меттанаш Iаморехь а, юкъараллех дIаэрехь а дакъалацархойн аьттонаш хилийта.

Юкъа даьккхина долчу гIуллакхан коьрта Iалашо лерина ю Brandenburg штатера шайн махкаха бохийна схьакхелхина болчу массо дешархошна.

## Ненан мотт Iамош йолчу тобанийн билламаш:

- цхьа мотт Iамош уггаре лаххара 12 дешархо хилар,
- уггаре дукха 4 урок (45 минотехь хIора а) кIирнах, рожера урокел тIаьхьа,
- ненан меттан курсашка массо дешархой цхьабосса тIеоьцур бу, дешаран жамIаш, я школаш ца къестош,
- Хьехархошна хиллачу барте хьаьжжина алапаш лур ду.

Массо а хьехархой хьалхарчу я шолгIачу чкъурера шайн мехкашкара бохийна схьакхелхина нах (мигранташ) хир бу, шайн говзаллин корматаллица цхьаьна, меттан Iилманах а, тайп-тайпаначу культурех а кхеташ болуш.

Хьехархойн аьттонаш бийр бу пайда эцийта говзалла лакхайоккхучу программех, хьехархошна курсаш луш. Оьшуш йолу книгаш (Iаматаш, исбаьхьаллин литература, кхин ерг...) маьхза хир ю.

Урокаш хьехаран коьрта Iалашо ю меттан говзаллаш Iамаян уьш ненан маттаца цхьанатухуш царех пайдаэцийтар.

Ненан маттахь йолу курсаш хьалхтаттар оьшуш ду школехь доьшуш долчу берашна, церан кIорггера кхиамаш хилийта а, тайп-тайпана меттанаш Iаморна тIаьхьа кхиийта а. Ладаме ю уьш кхин дIа кIорггера Немцойн а, кхечу къаьмнийн а меттанаш Iаморехь.

Ненан меттан курсаша берашна гIо до шайн къоман вад карадан гуонахьара культурин юкъара дахарехь. ХIунда аьлча хьехароша дийцаре до берийн орамаш а, церан дахарехь тахана долуш дерг а. Оцу тайп-тайпана культурех йолу семалла кхиийта цуьнца цхьана оьшуш долу хаарш а, Немцойн махкахь долчу дахарца дуста а дустуш дIахьо хьехархоша шайн Iамор.

**ЦIенна мотт Iамош дийр долчу гIо-накъосталлица цхьаьна, урокаша кхин тIе а берашна гIо дийр ду шайн бен-берсачу юкъараллин гуонехь диканна дакъа лоцуш.**

## Ненан меттан курсаша аьтто бийр бу:

- Ненан маттехула социальни интеграци ярехь,
- Дуккха а меттанаш девзаш хиларехь,
- Социокультурин хаарш тIедузарехь,
- Курсан дакъалацархойн къоман вад довзийтарехь.

**www.raa-brandenburg.de**

-> Projekte/Programme

-> Muttersprachlicher Unterricht




***Пайденна хир дуй хьуна?***

Проект дIахьош болчаьрца зIене довла лаахь, тIехьарчу агIоне хьажа!